

JAM'IIYAH
THORIQOH ANNAQSYABANDIYYAH
ALMUJADDADIYYAH ALKHOLIDIYYAH PUSAT SOKARAJA
Alamat: Jln.Imam Bonjol 404 Telp.0281-7911114
SOKARAJA PURWOKERTO 53181

Senin Wage 5 Desember 2016

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

واعلم أنها لا توزن أعمال القلوب بأعمال الجوارح في الخير والشر إلا وترجح أعمال القلوب رجحاناً بيناً على أعمال الجوارح ، وتزيد عليها زيادة كثيرة . ومن هذه الحثية فَضَلَ أهلُ التصوف ، المعتنون بتزكية القلوب ، والمهتمون بما يخصها من الأوصاف والأعمال الصالحة ، غيرهم من طوائف المسلمين من العباد والعلماء الذين ليس لهم من العناية بأمر الباطن مثل ما لأهل التصوف ، والفضل بيد الله يؤتيه من يشاء والله واسع عليم .

Lan perlu kawuningan, bilih mboten dipun timbang pendamelan manah kalayan pendamelan anggota badan ingdalem sahe lan awonipun, kejawi pendamelan manah langkung unggul kanthi unggul ingkang nyata kebanding kaliyan pendamelanipun anggota badan, lan pendamelan manah saged nambah ingkang kathah ngungkuli pendamelan anggota badan. Lan saking arah punikolah, ahli tashowuf ingkang anemen-nemeni dateng nyucekaken manah, ingkang nggatekaken dateng perkawis ingkang nertemtokaken manah, arupi sifat lan pendamelan sahe (amal sholeh) saged ngungkuli dateng tiang sanes saking kelompok umat islam ingkang ahli ibadah (para ubad) lan para 'ulama ingkang mboten nemen-nemeni urusan batin kados dene punapa (ingkang dipun gatosaken) dening ahli tashowuf. Lan fadlol (anugrahipun Allah) punika wonten kudrat irodaticipun Gusti Allah. Gusti Allah bade maringaken anugrah punika dateng tiang ingkang sakernipun. Lan Gusti Allah punika Dzat ingkang jembar (rohmatipun) lan Dzat ingkang ngudaneni.

والرحمة بالمسلمين أمرٌ واجبٌ وحقٌ لازم ، وهي بالضعفاء والمساكين وأهل البلى والمصائب أولى وأوجب . ومن لم يجد في قلبه عند مشاهدة ضعفاء المسلمين وأهل البلاء منهم ، رقة ورحمة فهو غليظ القلب ، قد غلبت عليه القسوة ، ونزعت منه الرحمة ، ولا تنزع الرحمة إلا من شقي ، كما قال عليه الصلاة والسلام .

Welas dateng tiang Islam punika perkawis ingkang wajib, lan perkawis hak ingkang tetep. Welas dateng kaum dlu'afa (tiang sèkèng), tiang-tiang miskin, tiang ingkang tampi cobaan lan musibah punika langkung utami lan langkung wajib. Sasintena tiang ingkang mboten manggihi salebetipun manah nalika mirsani kaum muslimin ingkang apes lan kening bilahi, ing rahos welas lan asih, maka tiang kasebet punika tiang ingkang wadag manahipun, temen nglindih dateng piyambakipun atosing manah, lan sampun dipun cabut saking piyambakipun rahos asih. Lan mboten dipun cabut rahos asih kejawi saking tiang ingkang cilaka, kados pangendikanipun Kanjeng Nabi Muhammad 'alaihi sholatu was salam.

فإن وَجَدَ مع ذلك - أعني هذا القاسي - في نفسه تكبراً وأنفة
 واستنكافاً من مخالطة أهل الضعف والمسكنة من المسلمين
 فسحقاً له وبعداً ومقتاً من الله ، قد حل به ما استوجب من الطرد
 عن باب الله ، ويكون في جملة المتكبرين المنازعين لله
 تعالى ، وقد قال عليه الصلاة والسلام : « لا يدخل الجنة من
 في قلبه مثقال حبة من خردل من كبر » .

* * *

Maka menawi piyambakipun – tiang ingkang manahipun atos – sesarengan wadaging manah manggihi wonten salebetipun manah rahos gumedede, bengis lan isin sesrawungan kaliyan tiang apes lan miskin saking kaum muslimin, maka piyambakipun leres-leres sampun dipun lebur (barokahipun), leres-leres tebih (saking rohmatipun Gusti Allah) lan leres-leres dipun bendoni dening Gusti Allah. Piyambakipun leres-leres kepanggenan samukawis ingkang murugaken tinolak saking lawang (rohmatipun) Gusti Allah, lan piyambakipun kalebet ewoning tiang-tiang ingkang gumedede, ingkang melawani dumateng Gusti Allah Ta'ala. Lan temen-temen ngendika Kanjeng Nabi Muhammad 'alaihi sholatu was salam: **Ora melebu ing suwargo wong kang ana ing atine sabobote wiji sawi saking sifat gumedede.**

Ma'khodz : Kitab Nashoihud Diniyyah (hal.55 – 56)

Mualif : al-Habieb 'Abdulloh bin Ba'alawie al-Haddad

Mutarjim : Syamsul Qodri el-Falaky.